bis-pénc du taxaw ba keroog ngeeni xeex ak Yahuut yi, ba doj wu ab Yahuut nekk ci ginnaawam di wax naan: yaw jullit bi, ab Yahuut a ngi nii sama ginnaaw ñëwal ray ko

Jële na ñu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «bis-pénc du taxaw ba keroog ngeeni xeex ak Yahuut yi, ba doj wu ab Yahuut nekk ci ginnaawam di wax naan: yaw jullit bi, ab Yahuut a ngi nii sama ginnaaw ñëwal ray ko».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa xibaar ne bis-pénc du ñëw mukk lu dul ne jullit ñi danañu xeex ak Yahuut yi, Ba bu Yahuut bi dawee jëm ci ginnaaw aw doj ngir làqatu fa; Yàlla waxloo doj wi mu woo jullit bi ne ko: ab Yahuut moo ngi ci ginnaawam na ñëw ray ko.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/65023